



CHAPIT 9

Preparasyon pou tranche ak akouchman

Nan chapit sa a:

Siy ki moutre tranche a pral kòmanse149

Ki lè pou w ale nan akouchman an151

A kisa pou w ale nan akouchman an.....151

Esterilize zouti w epi lave kò w byen pwòp.....153

Preparasyon pou tranche ak akouchman



Prepare w pou akouchman an depi w remake manman an pral kòmanse gen tranche.


Men siy ki fè wè tranche a pral kòmanse

Pa gen jan pou w sèten tout bon vre ki lè yon fanm pral kòmanse gen tranche, men gen kèk siy ki montre ke sa pral kòmanse anvan lontan.

Nan kèk semenn anvan akouchman an, pitit la ka desann pi ban an vant la, manman ka santi plis kontraksyon, oswa tou manman an ka pa santi l menm jan an. Gen lòt siy ki ka parèt tou, youn oswa de jou anvan tranche a koumanse. Kalite pou pou manman an ka chanje, oswa gen tras san ki ka soti nan vajen li. Gen de lè, li ka kase lezo.

Pitit la desann pi ba nan vant la

Anpil fwa, ti bebe desann pi ba nan vant manman yo anviwon de (2) semenn anvan akouchman. Sepandan, si manman an te fè pitit deja, pitit sa a ka pa desann pi ba tout otan tranche a poko kòmanse.



Kontraksyon yo ap vini pi fò ak pi souvan


Nan lè tranche a, matris la ratresi epi li vin pi di. Yo rele sa kontraksyon paske matris la kontrakte, li vin sere.

Pou w ka konprann pi byen ki jan kontraksyon an fèt, reflechi sou sak pase lè w tòdye dlo nan yon twal. Twal la sere epi li vin byen di.

Nan premye foto a, vant manman ap kontrakte. Li vin pi di kompare ak desyem foto a.



Nan lè tranche, kontraksyon nan matris la fè menm jan an:



Gen de (2) kalite kontraksyon: kontraksyon pratik ak kontraksyon tranche.

Kontraksyon pratik fèt pandan tout tan fanm nan ansent. Yo fèt anwo lestomak la (oswa anwo vant la), yo pa twò fò e yo fèt yon lè konsa. Gen anpil fanm ki pa menm santi yo.

Kontraksyon pratik ka kòmanse epi sispann plizyè fwa. Anpil fwa yo sispann lè fanm nan chanje bagay li t'ap fè a. Pa egzanp, si manman an t'ap mache lè kontraksyon yo kòmanse, yo ka sispann lè li chita.

Anpil fwa, kontraksyon pratik ka vin pi fò ak pi souvan kèk jou anvan tranche a kòmanse.

Kontraksyon tranche kòmanse lè li prèske lè pou pitit la fèt. Yo fèt nan vant la oswa nan do, epi yo pi fò ke kontraksyon pratik. Kontraksyon tranche kontinye vini pi fò detanzantan e yo kapab fè mal anpil

Manman an pa santi li menm jan

Gen de lè yon fanm ka santi l pral gen tranche oswa doulè. Li ka yon jan chimerik, li dousman. Oswa li jis gen anvi rete lakay li. Tout sansasyon sa yo se bagay nòmal.


Gen fanm ki gen anvi netoye epi ranje kay yo anvan tranche a kòmanse. Se yon anvi ki nòmal – men malgre sa, se pa lè pou fanm nan ap travay twò di. Tranche a ka kòmanse nenpòt ki lè; li bezwen rete ak tout fòs li sou li. Fanmi l ka ede fè travay sa yo pou ke li menm li ka repoze.



Kalite pou pou a chanje

Anpil manman pou pou dlo (dyare) lè yo pral gen tranche. Sa pèmèt kò a pran yon lavman pou fanm nan ka pi alez ni nan tranche a ni nan akouchman an.

Tras san nan vajan



Prèske pandan tout gwosès la, gen yon ti twou nan kol matris la ki bouche ak yon glè.


Nan dènye jou gwosès la, kol matris la kòmanse louvri. Gen de lè, glè sa a vin melanje avèk ti kras san ki soti nan kol matris la epi li vin parèt deyò nan vajan an.

Glè ak ti koulè san sa a ka parèt yon sèl fwa, konsa tou li ka degoute pou plizyè jou. Lè w wè sa, ou mèt konnen matris la ap vin pi fen epi li kòmanse louvri. Tranche a ka pral kòmanse nan youn (1) oswa de (2) jou.



Fè atansyon pou w pa konfonn tras san ak glè avèk lòt pèt k'ap soti nan vajan nan. Anpil fanm gen ti pèt vajinal sa de (2) semenn anvan tranche a kòmanse. Sa a se yon pèt klè ki gen glè epi li pa gen san ladan l.

Li kase lezo



Lè fanm nan kase lezo, anpil dlo ka soti toudenkou oswa li ka degoute tou dousman. Leplisouvan, fanm nan kase lezo lè li gen tranche. Si li kase lezo anvan tranche a, konnen tranche a pral kòmanse nan kèlke zè detan.

Si tranche a pa kòmanse nan sizè (6è) detan apre li fin kase lezo, gen chans pou li fè enfeksyon. Plis tan pase apre li fin kase lezo, plis gen chans pou enfeksyon an pi grav. Ou mèt kòmanse fè sa w kapab pou tranche a ka kòmanse (wè paj 191). Si 24 trè detan (yon jou ak yon nwit) pase apre li fin kase lezo epi tranche a poko kòmanse, mennen fanm nan nan yon sant de sante.

Si w oblije ale byen lwen pou w jwenn asistans medikal, ou dwe deplase pi bonè.

Ki lè pou w ale nan akouchman

Ou dwe ale wè manman an lè nenpòt nan siy sa yo parèt:

- kontraksyon tranche a kòmanse
- manman an kase lezo
- manman an santi li gen bezwen w

Si w rive pou akouchman an epi w remake manman an fèt kòmanse gen tranche (epi w pa rete lwen), pa gen pwoblèm si w ale lakay ou pou yon ti moman. Mande manman an pou li fè yo rele w lè tranche a kòmanse vin pi cho. Men anvan w deplase, chache konnen:

- Eske se premye pitit l'ap fè? Gen chans pou tranche a pi long si se premye pitit li.
- Eske fanm nan te gen tranche- kout oswa tranche- long nan akouchman anvan yo? Si tranche anvan an te kout, tranche sa a ka menm pi kout toujou.
- Jis ki kote ki gen yon sant de sante?



A ki sa pou w ale nan akouchman an

Ale avèk yon asistan

Lè w ale nan yon akouchman, li pi bon pou w mennen yon asistan. Si gen yon ka dijans, yon moun ap pran swen pitit la pandan lòt la ap okipe manman an. Osinon, yon moun ka ale chache èd pandan lòt la rete la pou kontinye bay kout men toujou.

Si w pa gen asistans, moutre yon moun ki sou plas (mari manman an, sè, bèlmè, oswa zanmi) kouman pou yo ede nan akouchman an.

Pote founiti ak zouti

Lè w kwè tranche a pral kòmanse, se pou w asire w ke w genyen tout founiti ak tout zouti w'ap bezwen pou akouchman an. Manman an ka byen genyen kèk nan founiti sa yo lakay li. Fanmsaj la dwe pote rès yo. Li trè bon pou yon fanmsaj genyen yon pakèt ki pote tout founiti ak zouti li ansanm

Founiti ki pi enpòtan pou w genyen nan yon akouchman

Si se anpe nan founiti yo w ka genyen sèlman, men sa pou w pran:



Dlo pwòp pou moun bwè oswa netoye.



Savon, epi si posib, anpe alkòl ak yon bwòs pou lave men ak bwose zong men.




Fil esterilize pou mare lonbrit.



Jilèt esterilize oswa sizo pou koupe lonbrit



Gan pwòp (oswa sache plastik ki byen pwòp) pou mete nan men w pou lè wa'p manyen vajen manman an, pitit la, san oswa pou pou.




Yon bagay pou fe siksyon ki ka retire glè nan nen ak bouch ti bebe a le li fin fèt.



Moyen pou ale lopital anka dijans.

Lòt bagay ki pou fè akouchman fèt fasil



Yon kòtè ki pwòp pou fè akouchman an.



Anpil twal pwòp pou lè manman an gen tranche doulé oswa pou lè pitit la fèt.



Dife pou bouyi dlo.



2 kivèt: youn pou fè twalèt, youn pou mete placenta.



Manje pou manman an ak asistan yo.




Bon moun ki pou ede nan le tranche a.

Lòt founiti ki trèzital pou fanmsaj la pote nan pakèt li




On tablye ak mouchwa pou pwoteje w kont san ak likid.



Dosye gwasès manman an, yon plim, papye



Yon bon liv/manyèl sou akouchman




Flach




Yon mont oswa yon revèy ki pou ba w lé.




Estetoskòp



Tansyomèt



Kèt pake twal gaz esterilize.




Sereng ak epeng esterilize ak medikaman pou ka dijans.



Founiti pou fè sewòm oral (wè paj 160) oswa pake preksimèd ke w ka fè pou kont ou.



De(2) pens (emostat) esterilize pou tache lonbrit la oswa venn kap senyen yo si manman an chire.



Sizo esterilize ki pa wò pweniti pou koupe lonbrit la anvan pitit la fin soti nè (nan ka dijans sèlman).



Remèd fèy w abitye sèvi.



Tèmomèt



Fetoskòp



Zegwi ak fil esterilize pou koud kote ki chire.



HIV medicines for mother and baby if mother has HIV



Tetrasiklin oswa pomad eritwomisin pou je pitit la.



Santimèt pou mezire pitit la



Yon ti balans pou peze pitit la

Sonje: Tout founiti sa yo enpòtan. Sepandan, sa pap anpeche w se yon bon fanmsaj menm si w pa genyen yo. Bagay ki pi enpòtan pou w genyen lè w pral fè yon akouchman se sajès, eksperyans ak lanmou.

Esterilize zouti w epi lave kò w byen pwòp

Lè w rive kote w pral fè akouchman an, se pou w asire w ke tout zouti w yo esterilize (wè paj 59). Se pou w esterilize tout zouti k'ap antre andedan vajen an oswa k'ap koupe kò a. Ou dwe esterilize gan, jilèt oswa sizo k'ap koupe lonbrit la, ak sizo k'ap koupe pou fè pasaj pou pitit la soti (episyotomi).

Lave men w detanzantan pandan akouchman an, epi fòk zong w yo koupe byen kout. Mete rad pwòp sou ou tou. Yon bon tablye pwòp ap ede pou san ak lòt likid pa tonbe sou ou.